



MASSACHUSETTS
Department of Elementary
and Secondary Education

w sanzabri kounye a, timoun ou ki gen laj lekòl yo ka kalifye pou sèten dwa ak pwoteksyon dapre Lwa federal McKinney-Vento a.

ENSKRI POU LEKÒL

ATout timoun ki gen laj lekòl nan Massachusetts ka ale nan lekòl piblik gratis. Elèv ki gen enstabilite lojman oswa ki sanzabri kapab:

- Kòmanse lekòl nan lekòl piblik lokal la; oswa
- Kontinye ale nan "lekòl orijin" yo (lekòl yo te frekante lè yo te gen lojman pèmanan oswa lekòl kote yo te dènye enskri a), si se sa fanmi an prefere.
- Si distri lekòl la kwè lekòl fanmi yo chwazi a pa nan pi bon enterè elèv yo, lè sa a distri a dwe bay fanmi an yon eksplikasyon alekri epi enfòmè fanmi an sou dwa li pou fè apèl kont desizyon an.
- Si sa nesèsè, lekòl la pral travay avèk fanmi an ak ajans kominotè lokal yo pou rasanble tout dokiman ki nesèsè yo, tankou dosye vaksinasyon ak batistè.
- Si fanmi an decide kontinye frekante lekòl pitit yo te kòmanse nan dènye kominote yo a, y ap jwenn transpò soti kote elèv la rete a rive nan lekòl la gratis.
- Elèv yo pral resevwa sèvis edikatif ki baze sou aprantisaj ak bezwen yo.
- Paran yo ka mande yon reyinyon ak direktè lekòl la pou konprann ak konnen dwa edikasyon pitit yo.
- Anplis de sa, elèv yo ka patisipe nan aktivite lekòl ki disponib pou tout elèv yo.
- Elèv yo ka resevwa manje lekòl gratis.

